

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Ajans Plasman nan Travay

Èske ou posede yon ajans plasman nan travay oswa yon ajans ki bay talan?
Èske biznis nou jwenn djòb oswa angajman pou atis, oswa èske biznis ou ede patwon yo jwenn anplwaye pou yo peye yon frè?

Itilize lis tout sa pou fè a pou konnen kisa enspektè nou yo ap chèche epi pou ede ou evite vyolasyon. Pou avantaj ou, chak Kondisyon gen ladan seksyon enpòtan lwa ak/oswa règ, pou ou kapab ale ladan pou jwenn plis enfòmasyon. **KEY** ki anba la a dekri sitasyon legal ak senbòl nou itilize nan lis tout sa ki nesèsè sa a.





KEY
NYC Code: NYC Administrative Code
RCNY: Rules of the City of New York
NY GBL: NY General Business Law
§: Section

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Lisans		
1	<p>Biznis ou dwe gen yon lisans DCA ki valab pou Ajans Travay.</p> <p>Konsèy: Biznis ki endike anba la yo pa bezwen yon lisans Ajans Travay:</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Ajans Plasman nan Travay pou yon Ti Tan:</i> Ou anplwaye travayè ou mete nan djòb pou yon ti tan (sètadi, ou peye yo salè, ou bay yo avantaj, elatriye.) • <i>Manadjè Pèsonèl Teyatral:</i> Biznis prensipal ou se jere atis yo, epitou nenpòt sèvis plasman nan travay ou bay se sèvis ki segondè pou jesyon atis ou yo. <p>Yon ti konsèy: Si biznis prensipal ou se jwenn travay oswa angajman pou atis yo pou yon frè, lè sa a ou se yon "ajans plasman nan travay teyatral" epi ou dwe gen lisans pou sa.</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Sèten Ajans ki Touche Frè nan Men Patwon yo:</i> Ajans ou fè plasman nan travay pou moun ki aplike pou djòb nan komès, djòb biwo, djòb egzekitif, djòb administratif, ak djòb pwofesyonèl, epi ou pa janm fè moun ki aplike a peye okenn kalite frè. <p>Konsèy: Si ou tonbe nan kategori sa a, ou pa bezwen yon lisans, men ou fèt pou konfòme ou avèk tout seksyon Lwa Eta New York sou Ajans Plasman nan Travay konsènan Ajans ki Touche Frè nan Men Patwon yo.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
	NY GBL §172	
2	<p>Ou fèt pou afiche ansèy lisans ak plent DCA ki vini ansanm lan yon kote pou tout kliyan yo kapab wè li.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
	6 RCNY §1-03(a)	

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Ajans Plasman nan Travay

Kondisyon	Èske ou satisfè kondisyon sa a?
<p>3 Non biznis yo, adrès yo, ak nimewo lisans "Department of Consumer Affairs" (Depatman Afè Konsomatè) oswa nimewo lisans "DCA" fèt pou sou tout sa ki endike anba la a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kontra yo • Resi yo • Reklam yo • Papyè antèt yo • Korespondans yo • Kat biznis yo • Lòt materyèl ki enprime <p>6 RCNY §1-05</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>4 Biznis la dwe itilize mo "agency" (ajans) pou dekri biznis li sou tout sa ki endike anba la a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kontra yo • Resi yo • Reklam yo • Papyè antèt yo • Korespondans yo • Kat biznis yo • Lòt materyèl ki enprime <p>NY GBL §187(3)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>5 Ou pa kapab itilize yon non, yon ansèy oswa yon reklam ki ta lakòz kliyan yo konprann biznis ou se yon ajans gouvènman.</p> <p>NY GBL §187(11)</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Ajans Plasman nan Travay

Kondisyon	Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Ansèy yo	
<p>6 Ou dwe afiche tout ansèy ki endike anba la yo aklè nan sal prensipal la oswa nan zòn kote ou resevwa moun: Afich Lwa Eta New York konsènan Ajans Plasman nan Travay nan lang Anglè ak lòt lang kliyan yo kapab konprann</p> <div style="display: flex; justify-content: space-around;">   </div> <p>Afich Anti-Diskriminasyon nan Etazini</p>  <p>Nouvo Afich Anti-Diskriminasyon nan Etazini</p>  <p>Yon ti konsèy: Rele 311 pou mande Afich Lwa DCA konsènan Ajans Plasman nan Travay, ki disponib nan moman an nan lang Anglè ak Panyòl. Si ou bezwen yon afich Anti-Diskriminasyon ki obligatwa, rele 311 epi mande pou yo transfere ou ba DCA pou yon kesyon konsènan lisans ki la deja pou Ajans Plasman nan Travay.</p> <p>NY GBL §188</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Kontra ak Aplikasyon yo	
<p>7 Ou dwe bay kontra alekri pou tout moun ki aplike pou travay.</p> <p>NY GBL §181(1)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>8 Ajans plasman nan travay la dwe konsève kopi kontra yo pandan twa (3) ane epi tou kopi yo dwe disponib pou enspeksyon imedyat.</p> <p>NY GBL §179</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Ajans Plasman nan Travay

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
9	<p>Chak kontra dwe gen ladan sa ki endike anba la a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dispozisyon Seksyon 185 ak Seksyon 186 Lwa Jeneral New York konsènan Biznis • Non ajans plasman nan travay la • Adrès ajans plasman nan travay la • Kalite travay y ap fè • Frè ajans plasman nan travay la reklame • Non anplwaye ajans plasman nan travay la ki mete moun ki aplike a nan djòb la <p>Yon ti konsèy: Itilize Modèl Kontra DCA ki disponib nan lang Anglè ak Panyòl sou sitwèb nyc.gov/BusinessToolbox.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
	NY GBL §181(1)-(2)	
Resi yo		
10	<p>Ou dwe bay moun ki aplike a resi pou tout frè li peye, depo lajan li fè, oswa nenpòt lòt kalite peman li fè.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
	NY GBL §181(3)	
11	<p>Ajans plasman nan travay yo dwe konsève kopi tout resi yo pandan twa (3) ane epitou kopi yo dwe disponib pou enspeksyon imedyat.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
	NY GBL §179	
12	<p>Chak resi dwe gen ladan sa ki endike anba la a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Non moun ki aplike a • Non ajans plasman nan travay la • Adrès ajans plasman nan travay la • Dat la • Kantite lajan frè, depo oswa lòt peman • Rezon pou peman frè a • Siyati anplwaye ki te resevwa peman an • (Pou tout moun ki aplike nan lòt eta pou travay nan kay oswa pou travay avèk pou moun ki nan kay) Kopi Seksyon 184 Lwa Jeneral New York konsènan Biznis fèt pou enprime oswa tache nan resi a <p>Yon ti konsèy: Itilize Modèl Resi DCA ki disponib nan lang Anglè ak Panyòl sou sitwèb nyc.gov/BusinessToolbox.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
	NY GBL §181(3)	
Rejis		
13	<p>Ou dwe konsève yon rejis ki gen tout enfòmasyon anba la yo, ki ekri nan lang Anglè konsènan chak moun ki aplike:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dat aplikasyon pou travay la • Dat moun ki aplike a te kòmanse travay • Non ak adrès chak moun ki aplike epi ki te peye yon frè oswa ki te fè yon depo • Kantite lajan frè a oswa depo moun nan peye • Sèvis ou te fè moun yo peye chak frè oswa depo 	<input type="checkbox"/> Wi
	NY GBL §179	

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Ajans Plasman nan Travay

Kondisyon	Èske ou satisfè kondisyon sa a?
<p>14 Rejis la dwe gen ladan tou tout enfòmasyon ki anba la yo, ki ekri nan lang Anglè, konsènan patwon yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Non ak adrès chak patwon ki peye yon frè • Non ak adrès chak patwon kote ou voye chak moun ki aplike epi ki peye • Dat chak patwon te mande moun ki aplike yo oswa te dakò pou aksepte yo • Kalite pòs travay moun ki aplike yo mande • Non moun ki aplike ki epe epi ou te voye ba patwon an • Kantite lajan frè a oswa depo a • Salè oswa konpansasyon moun yo dakò pou fè djòb yo <p>NY GBL §179</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Lòt	
<p>15 Ajans ki fè plasman travayè nan travay nan kay oswa nan travay pou moun ki nan kay dwe bay yo yon dokiman ki rele "Anplwaye nan Kay oswa nan Travay pou Moun nan Kay: Deklarasyon Dwa ak Responsablite Patwon ("Domestic or Household Employees: Statement of Employee Rights and Employer Responsibilities.")</p> <p>Yon ti konsèy: Telechaje Deklarasyon an nan lang Anglè oswa Panyòl sou sitwèb nyc.gov/BusinessToolbox.</p> <p>NYC Code §20-771(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>16 Ajans ki fè plasman enfimyè nan travay dwe bay kat pou enfimyè yo, epi kat yo dwe gen chak nan sa ki anba la a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Non, adrès ak salè enfimyè ki aplike a • Si moun ki aplike a se yon Enfimyè Pwofesyonèl ki Diplome [Registered Professional Nurse (RPN)] oswa si li se yon Enfimyè-Oksilyè [Licensed Practical Nurse (LPN)] • Nimewo dènye sètifika anrejistreman Depatman Edikasyon • Kalifikasyon edikasyonèl ak eksperyans enfimyè ki aplike a dwe nan dosye nan rejis la epi ou kapab bay yo pou patwon an <p>NY GBL §182</p>	<input type="checkbox"/> Wi